Зэпэщу ирихьэлІэжащ

2-нэ нап.

Министрыр кадетхэм яхуэзащ

2-нэ нап.

«ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

КъызыхэкІар къагурыІуэркъым

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№109 (24.547) ● 2023 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 12, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Къэралыгъуэм и махуэм и щІыхькІэ

4-нэ нап.

«Гипсолит» Іуэхущ1апІэр къызэІуах

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэІуахащ «Гипсолит» заводышхэр. Ар и пІэ иуващ нэхъапэуэкІэ ди щІыналъэм щыІэжьа, 2018 гъэм къызэтеувыІауэ щыта «Къэббалъкъгипс» Іуэхущ1апІэм. Іэнатіэм иІэ социальнэ мыхьэнэмрэ абы и лъэныкъуэкІэ КІуэкІуэ Казбек ищІа унафэхэмрэ къалъэітэри, заводым иІауэ щыта экономикэ лъэщагъыр зэфІагъэувэжащ.

2019 гъэ лъандэрэ а Іэхэугъуэхэм хэхауэ елэжьащ КъБР-м и Правительствэм и кІэлэм щІэт лэжьакІуэ гуп щхьэхуэ. Абы хэтхэм зэфІаха лэжьыгъэхэм къариКІуащ «ЭКО-Золотопродукт» урысей компание лъэрызехьэр гипс щащІ заводыр зэгъэпэщыжыным ехьэлІа проектым мыльку хилхьэну хьэзыру кьыззрыувар. Абы ипкъ иткІэ заводым щекІуэкІащ инженер, технологие, транспорт оборудованэхэм, техникэ хэхам я къэгъэщІэрэщІэжьыным хуэгъэпса лэжьыгъэшхуэхэр. Мы зэманым абы щолажьэ Іэнатіэ щызыгъуэтыфыну цыхьу 228-м ящыщу 175-рэ.

Іуэхущ1апІэщІэр лажьэу щрагъажьэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбекрэ** заводым и унафэщІ **Акберов Айдаррэ**. А Іуэхум кьыхуэзрагъэпэща гуфІэгъуэ дауэдапщэм кьрихьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министр **Ахъуэбэч Щамил**, Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ **Соттаев Къурмэн**, Іуэхущ1апІэм и кьызэгъэпэщакІуэ, «ЭКО-Золопродукт»-м и унафэщІ **Исмайылов Фархад**, нэгъуэщІхэри.

КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ яхуищІащ заводыр кьызэІухьыжьыным мыльку хэзылъхьа хьэрычэтыщІэхэм, лэжьыгъэхэм жьыджэру зэрызэхэтам папщІэ. «Ди гум фІы кьэітхуилъ фыкъэкІуащ, лэжьыгъэ купщІафІэ зэфІэфхащ, Іуэхущ1апІэр лажьэу футІыпщащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дежкІэ а Іуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ - лэжьапІэ Іэнатіэщ1эхэр кьызэІуха хъуащ, Іуащхьэмахуэ щІыналъэми зеужь. Си гуапэщ Іуэхущ1апІэщІэм ехьулІэнигъэфІэхэр зыІэригъэхьэну, зиужьыну, зиузэщІыну», - жиІащ Іэтащхьэм.

Фигу къэдгъэкІыжьинщи, Іуэхущ1апІэм зиужьыным лъабжьэ хуэхъуащ километр 25-рэ хуэдизкІэ Тырныауэ къалэм пэжьыжь Бедыкъ щІыпІэм къыщагъуэта сэху мывэхэр. КъэхутакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, абдеж щыІэщ тонн мелуан 21-м нэс апхуэдэ щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэ. Заводым и лъэщагъым Іэмал къытынущ гипскІэ ди республикэри, нэгъуэщІ щІыналъэхэри кьызэригъэпэщыну. Апхуэдэ промышленнэ Іуэхущ1апІэ абрагъуэ КъБР-м кьызэрыщызэІуахам ди щІыналъэм и мылькум хигъэхъуэнущ, апхуэдэуи Іуащхьэмахуэ районым и социально-экономикэ Іэнатіэм хэпщІыкІыу зригъэужьынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Іуэхущ1апІэхэм къызэратамкІэ

Метр зэбгъуэзэнатІэ миний иубыду

Къэралыгъуэм и махуэм ехьэлІа дауэдапщэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІ. Налшык Іэтауэ кьыщызэІуахащ Искож хьэблэм хьхьэ, Ашуровым и щІэр зезыхьэ уэрамым тращІыхьа, иджырей спорт лІэужьыгъуитхум зыщыхуагъэсэну унэшхуэр. Ар яухущ «Спортыр гъащІэм и мардэщ» къэрал проектымрэ «Демографие» лъэпкъ проектымрэ япкъ иткІэ. Ухуэныгъэм текІуэда сом мелуан 358-р республикэм кьыІэрыхьащ федеральнэ мылъкум кьыхэкІыу.

СПОРТКОМПЛЕКСЫР кьыщызэІуахым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм жиІащ: «Мы псори кьызэрыдзэхъулІэр ди Президентым кьыхилъхьа лъэпкъ проектэм я фІыгъэщ. ГъащІэр езыгъэфІакІуэ зэхъуэкІыныгъэ псори кьыдокІуэ ди къэралым щекІуэкІ а Іуэхуфіхэм. Абыхэм дащІелІалІэр кьыгщІэхъуэ щІэблэм псэукІэ екІу яІэн папщІэщ. Дэ псори Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъыщыхъуащ. ДощІэж нэхъапэм унэ кьыщалъыхъуэкІэ, «Искожымрэ Александровкэмрэ дыхуейкъым!» жаІэу, хьыбарегъащІэхэм къытрадзэу зэрыщытар. Нобэ мы хьэблэм щыпсэуну яфІэфІу, ар кьызэрыхахыр долъагъу, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, объектыщІэхэр, гъэзугъэр щауху, инфраструктурэм зыщрагъэужь. Къалэми, ди республикэми щытыкІэр щоф1акІуэ. Школхэр зыхуэй зэрыхуэдгъаэзри абы щыщщ: мы хьэблэм щыщ зы школ етІанэгъэ зэрахьэнухэм хиубыдащ, сабий садхэми ди нэІэ ятедгъэкІынкъым. Аращи, Искож хьэблэр дяпэкІэефІэкІуэнущ. Нобэ дыди абы и щыхьэту дыкъэзыубыфынущ».

Дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, УФ-м и Федеральнэ зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкІыу хэт Ульбашев Мухьэрбий, КъБР-м и Парламентым и вице-спикер Кьардэн Мурат, КъБР-м и Правительствэм и вице-премьер Хьубий Марат, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алим, щалэгъуэм Іэхуэхэмкіэ министр Лу Азэмэт, спортымкІэ министр Хьэсанэ Ислъам, КъБР-м и Парламентым Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ Бэрэчэтэ Арсен, Налшык щІыпІэ администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Таймураз сымэ, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ.

Спорткомплексым и инагъкІэ метр зэбгъуэзэнатІэу минийм нэс ёубыд. Спорт лІэужьыгъуитхуикІи зыщагъэсэфын хуэдэу, ар иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ зэгъэпэщащ. Зэхьэзэхуэхэм хэтхэм рдэщІхэм папщІэ мыбы хэтщ цыху 242-рэ зыщІэхуэну залышхуэ, кьинэмыщІауэ, иджыри залитІ хэтщ: тренажёркэр зыщІэтымрэ гимнастикэм хуэгъэпсамрэ. Абы иджыри хохьэ фехтованием зыщёбгъэсэфыну пэщышхуэр, нэщани 10-у зэщхьэщІкІ нэщанэуапІэ, метр 50 зи кІыхьагъ бассейн, кьелъапІэу лъагъуэ екІуалІэу, цыхуи 192-м хуэщІа трибунэ.

Спорт лІэужьыгъуитхумкІэ зэхьэзэхуэхэм хохьэ шы спортыр, фехтованиер, псым есыныр, къэжьыхыныр, нэщанэ ёуэныр. А лъэныкъуэ псомкІи дяпэкІэ республикэм спортым зыщижьынущ, щІалэрэ хьыджёбзу нэхъыбэ Іуэхум дихьэхынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы Іуэхум ехьулІэнигъэфІэхэр щІэж. Къэбэрдей-Налшык дэт шы-спорт комплексым иджырей спорт лІэужьыгъуитхум я къудамэ кьыщызэІуахауэ щытащ илъэс 60 ипэкІэ Райдутин Анатолий и тренер. Спорт лІэужьыгъуитхум хэпщІауэ щыта ди спортсменхэр РСФСР-мм СССР-ми я гуп къыхэкІхэм хэту дунейпсо зэхьэзэхуэхэм яІэу щытащ. Абыхэм кьахэкІащ СССР-м спортымкІэ и мастерхэр, дунейпсо пщІэ зиІэ спорт Іэщ1агъэлІхэр.

Иджыпстурей Іуэхукіэ спорт лІэужьыгъуитхум зыщыхуагъасэ республикэм олимпийскэ резервымкІэ и школым. Абы щыІэ тренерибгъур сабий 380-м ядолажьэ. ЩІыналъэ зэпеуэхэм, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм ехьулІэнигъэ къыщыхьауэ къокІуэжь.

Мы спорт лІэужьыгъуэм щІэгъэкъуэнышхуэ хуэхъунущ спорткомплексыщІэ къызэрызэІуахар. Ар Іэмэпсымэкіэ кьызэрагъэпэщмэ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтыну спортсменхэр ягъэхъэзырыфынущ, апхуэдэхэри ди республикэми щрагъэкІыфынущ.

Зеикъуэдэсхэм яІуощІэ

Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа зэхуэс Зеикъуэ къуажэм щызэхэтащ. Абы кьрихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, КъБР-м транспортымрэ гъэгу хозяйствэмкІэ и министр Дышэкі Асльэн, Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур сымэ.

КІУЭКІУЭ Казбек къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ махуэшхэм кьежьапІэ хуэхъуар. «ДызыхэпсоукІ зэманым Іэмал кудэ диІэ хъуащ социально-экономикэ зыужьыныгъэр ипэкІэ дгъэкІуэтэну, ди лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр, анэдэлъхубзэр тхъумэну, щэнхабзэм зедгъэужьыну. Егъэджэныгъэ, медицинэ Іэнатіэхэм я фІагъ хъуар нобэ ди нэгу щІокІ. А псори кьыщІдэхъулІэр республикэ щхьэхуэу Урысей къэралыгъуэм дызэрыхэтырщ.

«Псом нэхърэ нэхъыщхьэр ди щІыналъэм ис цІыхубрщ, нобэ къэралым и хуитныныгъэмрэ еплъыкІэмрэ диІыгъыу зауэ губгъуэм ит щІалэгъуалэрщ. Дызэрызэкъуэтым щэч лъэпкъ кьытесхьэркъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, сольэгъу дэз Іуэху хэхам щыІэ щІалэхэм фаэзрыдэІэпыкъур, зыкуэныкъуэхэр зэрахуевгъашэр. Республикэм ис псоми фІыщІэ яхуэощІ апхуэдэ цІыхугъэ зэрахэлъ

Зэпэщу ирихьэлІэжащ

Фокіадэм и 1-м зи бжэхэр цыкІухэм къыхузэІузыхыжа еджапІэхэм ящыщу Тырныауз дэт курыт школ №93-р. Мы махэхэм абы щыІащ КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Ар яхуэзащ школым и унафэщІхэм, егъэджакІуэхэм.

1966 ГЪЭМ яухуэу щыта еджапІэр зэгъэпэщыжынымкІэ лэжьыгъэхэм хэзныкъуэу куэд лъандэрэ къекІуэкІащ. КІуэкІуэ Казбек къыщыпсалъэм къызэрыгуэшащэмкІэ, апхуэдэ Іэмал абы иІэ хьуащ УФ-м и Президент Путин Владимир дибгъэдауэ щыта «ЕгъэджакІуэ Іэнатіэр къэгъэщІэрэщІэжьынымрэ программэм ипкъ иткІэ. ЕгъэджакІуэхэм щахуэзам, ахэр тепсэлъыхьащ Іэнатіэм Іутхэм я лэжьапщІэм зэрыхагъахъуэм, школым и мыльку-техникэ лъабжьэр зэрагъэбыдэм, абы щекІуэкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэм. ЕджапІэм и унафэщІ Хутуеев Любовь жиІащ и гъэсэну щытхъэм ящыщ куэд гъэнэгъу щыхьнальэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэкам лІыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэльагъуэу зэрыхэтыр. КІуэкІуэ Казбек егъэджакІуэхэм фІыщІэ яхуиІащІащІ хэкупсэ зыІут, къэралым и къыщхьэщыжакІуэу ува щІэблэ екІу зэрагъэсам, а лэжьыгъэм адэкІи зэрыпащэм папщІэ.

Республикэм и Іэтащхьэм щыгъуазэ зыхуиІащІ зэпэщ хьужауэ лъэхъэнэщІэр зыубгъэжа школым иІэ хъуэ ІэмалыщІэхэм. Абы щеджэ ныбжьыщІэ 600-м нэсыр псори пщэдджыжьыкІыщІ. Шэджагъуэ ныжьым школым щолажьэ гупжьей зэмылІэужьыгъуэхэр.

Унэм къанэ щымыІэу щІэкІэ щахъуэжащ инженер коммуникацэхэр, бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ, лъэгухэр. И кІуэцІри, и щыбри екІуу зэрахьащ. Зэрагъэпэщыж школым екІуалІэ гъуэгур - ЩІалэгъуалэ уэрамыр. Абы зэпещІэ ГъуэджэжькІэ сабий еджапІэри, Щэнхабзэмкіэ уардэунэри, кьалэм и хьэблитІри.

Лэжьыгъэхэм ящыщу зэфІэкІащ гъуэгум асфальтрэ бетону зэхэлъ пкъыгъуэр тельхьэнар, зэпэщ, ящІащ гъунэгъуу щыт унэшхуэхэм я пщІантІэу 7. Къэна лэжьыгъэхэр дыззэрыт мазэм и кІэухым ирихьэлІэу яухьнущ.

щІащ хэкупсэ зыІут, къэралым и къыщхьэщыжакІуэу ува щІэблэ екІу зэрагъэсам, а лэжьыгъэм адэкІи зэрыпащэм папщІэ.

Республикэм и Іэтащхьэм щыгъуазэ зыхуиІащІ зэпэщ хьужауэ лъэхъэнэщІэр зыубгъэжа школым иІэ хъуэ ІэмалыщІэхэм. Абы щеджэ ныбжьыщІэ 600-м нэсыр псори пщэдджыжьыкІыщІ. Шэджагъуэ ныжьым школым щолажьэ гупжьей зэмылІэужьыгъуэхэр.

Унэм къанэ щымыІэу щІэкІэ щахъуэжащ инженер коммуникацэхэр, бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ, лъэгухэр. И кІуэцІри, и щыбри екІуу зэрахьащ. Зэрагъэпэщыж школым екІуалІэ гъуэгур - ЩІалэгъуалэ уэрамыр. Абы зэпещІэ Гъуэдзжэмкіэ сабий еджапІэри, Щэнхабзэмкіэ уардэунэри, кьалэм и хьэблитІри.

Лэжьыгъэхэм ящыщу зэфІэкІащ гъуэгум асфальтрэ бетону зэхэлъ пкъыгъуэр тельхьэнар, зэпэщ, ящІащ гъунэгъуу щыт унэшхуэхэм я пщІантІэу 7. Къэна лэжьыгъэхэр дыззэрыт мазэм и кІэухым ирихьэлІэу яухьнущ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, мы илъэсым и мази 8 блэкІам къриубыдэу Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхуащ, я нэгу зыщІагъэуважащ щыхьэ хинт 740-м. Ильэс блэкІам ебгъапщэмэ, абыхэм я бжыгъэм процент 20-кІэ хэхъащ. Къэралым абы зэрыщыхэхъуар процент 15-кІэщ. Ди деж къакІуэ туристхэм я бжыгъэр ильэсым и кІэм ирихьэлІэу мелуанрэ ныкъуэм нэсыну хуагъэфащэ.

Туризм Іэнатіэм къикІыу дызэрыт ильэсым и ятІэ Іыхьэм налог къулыкъущІапІэм ягъэхащ сом мелуан 513-м щІигъу. Ар процент 90,4-кІэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и иджырей зэманым ельытымэ. БлэкІа мази 8-м къриубыдэу щІыхухэм хуащІащ сом мелуани 10 и уасэ Іуэхутхъэбзэхэр. 2022 гъэм и апхуэдэ пІалъэм ельытымэ, ар процент 14-кІэ нэхьыбащ.

- «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреацІэ Іэнатіэм зегъэужьыным дяпэкІи пытщынущ. Си фІэщ мэхъу: ар зэман благъэм хъунущ къэралым и зыгъэпсэхупІэ нэхъ лъэщ дыдэ, гъэм и зэман псоми лажьэ, дунейпсо мардэхэм хуэкІуэ турист центр ин, - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм, зэІущІэм и кІэухыу.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

• КЪР-м и Правительствэм

КъэгъэІэпхъуэжьнымкІэ ящІапхъэхэр яубзыху

КЪР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий Іуэхугъэ зэхуэмыдэхэм щыхэплъа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

ЭКОНОМИКЭ зыужьныгъэм тещІыхьа къэрал программэм теухуа проектыр зэІущІэм щызэпкърихащ КЪР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис. Ар теухуащ республикэм и экспортымрэ экономикэмрэ зегъэужьныгъэм, УФ-м и Президентым и унафэкІэ Москва щекІуэкІыну Урысей форум-гъэлъэгъуэныгъэм КЪР-р хэтыныр къызэгъэпэщыным. КЪР-м и Правительствэм и проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэ игъуэтынущ зи гугъу тщІа Іуэхугъуэхэм текІуэдзэну мылькум и Іуэхукіэ.

- «КЪР-м экспортымрэ республикэщІыб экономикэмрэ зыщегъэужьыным теухуа Іуэхугъуэхэр къызэгъэпэщын» программэ гуэдзэм лейуэ текІуэдзэнущ республикэм и бюджетым щыщу сом мелуан 50, - жиІащ Рахаевым.

Министрыр къытеувыІащ КЪР-м и «ХъыбарегъащІэ жылагъуэ» («Информационное общество») къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэр зэІущІэным и проектми. Ар теухуащ КЪР-р «ХъыбарегъащІэ утыку» («Информационная среда») программэм зэрыхэтыну щыкІэм.

КЪР-м инфраструктурэм зыщыужь и щІыпІэхэм теухуа проектри къыхилъхьащ Правительствэм. Къэбэрдей Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Сыжажэ Льэсэн зэрыжиІамкІэ, инфраструктурэм зыщыужь къэлэкъэмрэ къуажэхэмрэ къэхэхъуэщ Прохладнэ щІыпІэм хыхьэ Малакановскэ къуажэр.

Зэ Іущ Іэм щытепсэлъыхьащ гъуэгу фондэхэр къызэгъэпэщыныгъэ субсидиехэр муниципалитетэхэм ятегъуэшэным. Абы папщІэ ягъэбелджыла проектми текІуэдзэнущ республикэм и мылькум щыщ.

- Іуэхум хухахыу сом мелуан 32-рэ мин 712-мрэ хуауІыпІэнущ. Дзэпкъэгъуэжэгъэ Нашашк къэлэмрэ, - жиІащ КЪР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Дыщэкі Аслъэн.

КЪР-м граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьынымрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ и министр КІуррашын Анзор и гугъу ищІащ хамэ хэзарлъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэгъэІэпхъуэжьнымкІэ щыІэ программэм. Проектыр ягъэхъэзыращ УФ-м и Президентым «Хамэ щІыпІэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр я фІэфІыныгъэкІэ Урысей Федерацэм къэгъэІэпхъуэжьным и Іэмалхэр» и Унафэм тету. КЪР-м и мылькум щыщу проектым текІуэдзэнущ сом мини 104,25-рэ.

Мусуков Алий къыхигъэщащ а программэр адрей псоми къазэрыхэщхьэкІыІар.

- Программэр федеральнэ жьипхъэм итщ. Республикэ программэмэхэм ящыщу абы и закъуэщ япэщІыкІэ Урысейм и Правительствэм игъэбелджылащ. Абы къыхэкІыу, дэ абы зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьэжьнукъым», - жиІащ Мусуковым.

КЪР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Мысост Екатеринэ зэІущІэм щытепсэлъыхьащ балигъыпІэ имыувахэм ятеухуа хуитныныгъэхэр кьызэгъэпэщыныкІэ субвенцэр къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэрытегъэшапхъэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныкІэ КЪР-м и Правительствэм и проектым. Мысостым жиІащ щыщхьэуІум и 1-м щегъэжьауэ субвенцэм и бжыгъэм зэрыхэхъуар.

Проектым текІуэдзэнущ республикэ мылькум щыщу сом мелуани 2-рэ мин 275-рэ.

КЪР-м лэжьыгъэмрэ щІыхухэм социальнэ къащхьэщыжьныкІэ и министр Асанов Алим зэІущІэм щигъэбелджылащ республикэм и щІыхухэмкІэ гугъуехь хэхуахэмрэ ядэлэпкъуным теухуа проектытІ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Министрыр кадетхэм яхуозэ

Къэрал кІэуцІ Іуэхухэмкіэ министру КЪР-м щыІэ полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий яхуэзащ Налшык къалэм и курыт еджапІэ №27-м, Совет Союзым и ЛІыхъужь Калюжный Н. Г. и цІэр зезыхьэм, полицэм и кадет классхэм щеджэхэм. Абы щыкІуэм ядригъэкІуэкІащ дерс щхьэпэ.

ПАВЛОВЫР хэтащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр щаІэта линейкэм. Ар кадетхэм ехъуэхъуащ, гъэ еджэгъуэм зэрыщІадзэжьмкІэ, ехъулІэныгъэ яІэу ар яухыну зэригуапэр къыхигъэщащ.

- Гъэ еджэгъуэщІэм фэ фащыщ дэтхэнэм дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэщ. Фэ фэлъытащ ар зыхуэдэнэр, си фІэщ мэхъу «Фи гъащІэм и тхьилъым» и дэтхэнэ пэнэкІуэцІри гукъинэжь Іуэхугъэмкіэ гъэнщІа зэрыхъунур. Фэ фащыщ дэтхэнэми ди къралым и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІынур, сыту жыпІэмэ, кІуэрыкІуэу а гъэгъур къыхэфхыу щІыхьым, пщІэм, хэкупсэу щытыным я дамыгъэ фащэр щьфрІэгъакъым. Нобэ ягъэфащэр щызыІэтІэна ныбжьыщІэхэм фи къэкІуэнум и япэ лъэбакъыэр фчащи, фрипагэу кадет цІэр зефхьэну си гуапэщ,- къыхигъэщащ министрым.

Ведомствэм и Іэтащхьэм школакІуэхэр къыхуриджащ я тхыдэр яхъумэну, Хэкур фІыуэ ялъагъуну, и къралым и хэкупсэу щытыну, егъэджакІуэхэм пщІэ хуащІыну. НыбжьыщІэхэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ школым и унафэщІ Хъарзынэ Заурий.

ЩІэуэ къызэрагъэпэща полицэм и кадет классым и еджакІуэхэм министрым яритащ Кадет щІыхьым и кодексэ саугьэтрэ, апхуэдэуи классым папщІэ компьютер.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жантинэщ.**

• Еджагъэшхуэхэр

Малъхъэдисым хуэдэу дызыщІишэрт

И Іэнатіэ нэхъыщхьэм, студентхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, кьыщдэкІуэу, Нурбий зэфІигъэкІырт нэгъуэщІ Іуэхугъуэ щхьэпэхэр. Ар жьыджру хэтт жылагъуэ гъащІэм. КьинэмыщІауэ, лъэпкъ щэнхабзэм, гъэздэжьм теухуауэ къызэрагъэпэщ Іуэхугъэм хэлъыфІыхьырт. Абы и зы щапхъэщ 80 гъэхэм Мэзкъу кьыщыдэкІа «Адыгэ зэгурыкІуэ» пшыналъхэмрэ» тхылъ-ипІлІыр гъэхъэзырыным и гуащІэшхуэ зэрыхихльхьар. Лъэпкъ щэнхабзэм, литературэм хэлъхьэныгъэхэм гъэзыщІа Къардэнгъущ Зырамыку, Нало Заур, ГъукІэмыхъу Іэбубэчыр, Бэрэзчун Владимир сымэ ящІыгъуу, пасэрей уэрэдхэр кьалъыхъужу, ятІонэрэ хьу, ахэр зэманыфІкІэ щыІащ Адыгейм, Шэрджэс щыІэнльэм хиубыдэ къуажэхэм. ЕжьащІэр. А зэманым ыкІи ирыдыдэу къуажэхэм лЫ щэджакІэр. А зэманым ыкІи ирыдыдэу нЫбжьыщІэ дапщэ абы щІэныгъэ зыбгъащІэ ихьар, гъащІэ гъэзэгуанэщхуэм тригъэувар, дапщэ щапхъэ зыхуэхъуар? Абыхэм я бжыгъэр къэлъытэгъуэйщ. Адыгэ псалъэхэм я къэхъуІэм теуХуащІэ тхыгъэ купщІафІэ зэхуэмыдэу абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ 50-м щІигъу. 2015 гъэм дунейм къытехьащ «Тхыгъэ къыхэхахэр» зыфІищІа тхылъыр. Ар лъэбакъэщІэт лъэпкъыбзэм екъэлІауэ. Нэхъ тэмэуу жыпІэмэ, адыгэ псалъэхэр къызытехьыкІар (этимологиер) къэхутэным, джыным теухуауэ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ нэхъапэхэм зыми зэфІигъэкІатэкъым.

Иуанькъуэ Нурбий и дуней тетыкІам, и пэжьыгъэм, щІэин тхыгъэхэм я мыхьэнэм нэхъ зэпкърыхауэ щІигъуазэ фытщын папщІэ тыдодзэ ар фІыуэ зыщІыхуу щытахэм жаІам щыщ Іыхьэхэр.

Нурбий ипхъу Мадинэ: - Зы гъэ Іуэхутхэбзэ хуэныкъуэу зыгъэ къызэлъэІуауэ згъэзыщІэхъуати, си адэм къызжиІащ: «Апхуэдэу цІыхум ухуэщыт хъунукъым, пхуэзфІэкІымкІэ зыщІэгъэкъуэн хуейщ. Адыгэм диІэщ псалъэжь: «ФІы щІэн псым хэдзэ». Ар зэи зыщумыгъэгъупщэ, си хъыджэбз». А псалъэхэр си гум кьинауэ нобэми сІэпыкурхьым... Си щхьэкІэ срогушхуэ си адэр щыхуэ хуэдэ цІыхуу дунейм зэрытетам, фІыуэ къалъэгъуу зэрыщытам. Майм и 9-р къэсыхункІэ ди унэ къыщыззэхуэсырт абы и лэжьэгъуэр. СщІэртэкъым къызыхихыр, ауэ зауэм зэрыщыІар игу къиГэжькІыжьну фІэфІтхэкъым си адэм. Ауэ ззэмыкІэ а зэдэущхьэм къышхъуэ гуэрхэм кІэщІу гугъу ищІыкьырт. Зэ жиІэжарат, Іещфащэ къомыр кІэрыщІауэ Днепр щыхьэхьэм, и гъусэ нэхъыжьыуэхэм «псым цІыкІу зэрыщІэкІ, сакъ» кьыжраІэрт, гуэзвэу. ИтІанэ зыгуэрым фІэлЫкІыкІ, щышынэу къикІуэтынутэжькІэ си адэр, зи ужь ит Іуэхур захуэу кьыльытэмэ. Абы иІащ къуэшитІ. Зыр Аскэрщ - ухуакІуэ щІэрыІуэу щытащ, уеблэмэ абы теухуауэ фильм трахауэ щыІэщ. ЕтІуанэр Сэфарбийщ. Ар егъэджакІуэу лэжьащ. Зи акъылыр нэхуу дунейм тета си адэр цІыхуэм зэращымыгъупщам, ІэфІы ягу кьызэрагъэкІыжьым, и Іэужьым пщІэшхуэ зэрыхуащІым си щхьэкІэ сропагэ.

Бзэ щІэныгъэхэмкІэ доктор Бищіо Борис: Зи насып къикІыу Нурбий иригъэджахэм сэри сащыщщ. Сригъэджа къудей мыхъуу, иужькІэ зэманыфІкІи зы Іажьыгъэ зэдзэщІащ. 70 - 80 гъэхэм абы иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм яхэтауэ си фІэщ хъурькъым а Лым и цІэр фІыкІэ жьызымыІэн. ЦІыхухэм фІыуэ закъригъэльэгъуфу, пщІэ ІьагэиІэу зэрыщытар, даун, и дуней тетыкІэм къикІащ. Сэ зэи срихьэлІакъым, жаІэуи зэхэсхакъым Нурбий студент гъэрым и жагъуэ ищІауэ, теКІиуэ. Я нэхъ зыхуэмярэзы дыдэми гушыІэ псалъэхэ, зыхуэрКІэ фІэкІырт. Абы щыгъуэми и гушыІэ ри жагъуэ хъун хуэдэ псалъэтэкъым. Нэжэгужьэгъэ къоэзыт гушыІэт. КІуэраКъэ, цІыху нэсым хьэлыфІу хэлъын хуей псори абы и дежь щызэхуэхьэсауэ жьпІэ хъунут. ИкъыкІэ гушыІэгъэнт Нурбий удэлэжьнэ - зы лъэныкъуэкІи тынШт, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІи гугъут. ЩІэтыншыр и гупсысэр апхуэдизкІэ тельыджэти, абыхэм удамыкъэхьинкІэ Іэмал иІэтэкъым, щІэгугъу ергъэлеяуэ зэрыгумызагъэр. Зы пІалъэ закъуэм апхуэдизкІэ кІыхьу елэжьыртри, «Нурбий, хуэщІар, абдеж дыкъыщыгъэуфыІэ», щыжеСІэ щыІэт. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр щІэныгъэлІ нэсым и зы щІэныгъэ.

Апажэ Мухьэмэд, бзэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, Иуанькъуэм и «Тхыгъэ къыхэхахэм» ятеухуауэ: - Мыр том куэд хуэ тхылъхэм нэхърэ нэхъ хьэпсащ, тхыгъэ кІэщІ, и Іуэхуэмкіэ нэхъ лъагэщ. - Мы тхылъыр щІэлъапІэр псалъэхэм я къэхъуІэм теухуауэ ежьаг гъэщІэгъуэнкъуэм и пэжьпІэр зэрригъэтэрэзым и закъуэкъым, атІэ а Іуэхум бгъэдыдэкІ Іуэхугъэ ІуэрыІуатэрщ. НэгъуэщІыбзэм къыхэтхауэ иджыри къэс кьалъытэу щыта псалъэ куэд адыгэбзэм къызэрыкІар ди фІэщ ещІ. Абы нэхъри еІэт тхылъым и мыхьэнэр, и пщІэр. Абыхэм Иуанькъуэр, хуей-хуэмейми, я щхьэфэ имыІэбзу хъуркъым яэныкъуэ еджагъэшхуэхэм - псалъэм и кхъэкІэм теухуауэ абыхэм кхъаь щытхъэхэм лъабжьэ зэрамыІэр утыку кьрелыкъ.

Будаевэ Людмилэ, доцент: Нурбий сыт щыгъуи къепщІэкІат е студентхэр, е и лэжьэгъуэр. Абы жэрдэмышхуэ зэрыхэлъым, къару мыкІуэщІыж зэриІэм, и акъылыфІагъэм, и пэжагъэм уемыкъуэпсэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Абы и гупсысэжьм псэхэлът, и кхъуэныгъэхэмкІэ нэгъуэщІхэм ядэгъэшэну пІащІэрт. Фыгъуэ, дыджагъ жьыхуэІэхэр жьыжьэ гъунэгъуу хэлъгъэкъым. НэгъуэщІхэм я Іуэху еплъыкІэри лъэныкъуэгъэзэ ищІыртэкъым, щытыкІэ гугъу уихуамэ, щІэгъэкъуэн къыпхуэхъунут.

Гъут Іэдэм, еджагъэшхуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и лэжьакІуэ: - Нурбий псалъэ гуэрым и тхыдэр ди пащхьэ кьыщырилъхьэкІэ кьыдощІэ илъэсищ, щитІ-щиу ипэжкІэ псэуахэм дыкъэзыуухэрехь дунейр кьаэзрыщІхьэу щытар, ахэр зыхуэзэу къэгъэгурыкІуэ, щэнхабзэкІэ, гъаэдзжкІэ зыдэгушэ е зыэныплъадза нэгъуэщІ лъэпкъэр зыхуэдар. А псор пхужымыІэну гъэщІэгъуэнщ, ахэр кьабулъэпкъэщІ пащІэ зэрыщІ

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ

Сэтэней-гуащэрэ Лъэпщрэ зэрызэщыхьар

Нартхэ бынжэпыупщlу яIэр Сэтэней-гуащэт. Нартхэ бзаджэгуфэ мэщlэхъуэмэ, Сэтэней-гуащэ ирагъэгъэпскIырт, «дахэ хъун щхьэкIэ», жаIэрти. Нартхэ хъу хьащIэхъуамэ, Сэтэней-гуащэ ирагъэгъэлъэIуцыртыр, «губзыгъэ хъун щхьэкIэ», жаIэрти.

Бакъуэ Нанэ Сэтэней щхьэкIэ «хьэбз» жиIауэ зэхихыжяти, абы и пхъурылъхум и бынжэ пиупщlыни игъэIущыни идакъым: «Фыз псэжым и пхъурылъхур щхьэдыкъуу къренэ!» - жиIэри.

- Алыджхэ я хьэбзым и гъбзэр къыстехуауэ мы дунеишхуэм сытетын?! - жиIэри Бакъуэ Нанэ и пхъурылъхур иришэжьащ. КIуэм-кIуэурэ Бакъуэ Нанэ Тхьэгъэлэдж цыпэплъым хуэзащ. Тхьэгъэлэджыр ху напIэ ебжу, щхьэмыжи иIуэтрэ игъэлъалъэу пхафэм исти, Бакъуэ Нанэр ельэIуауа:

- Тхьэгъэлэдж цыпэплъ, щхьэзыхь сыпхухьу! Си пхъурылъхур схуэгъэIущ, схуэущий!

- Мэщыпхъэ хуеймэ естынщ, - жиIащ Тхьэгъэлэджым.

Бакъуэ Нанэ IуигъэзыкIыжри ежьэжащ. КIуэм-кIуэурэ, Амыщ хуэзащ. Амыщу мыщэ лъэбыцэр Iуащхьэ гуэрым тест, тIыбжьэ къигъэшрэ уэрэдыжь кIришу. Бакъуэ Нанэ ельэIуащ абы:

- Амыщу мыщэ лъэбыцэ, щхьэзыхь сыпхухьу, си пхъурылъхур схуэгъэIущ, схуэущий!

- Хъупхъэ хуейм естынщ, - жеIэ Амыщи.

Бакъуэ Нанэ IуегъэзыкIыжри йожьэж. КIуэм-кIуэурэ Ващхъуэ мыващхъуэ кIанэм хуоэзри йолъэIу:

- Ващхъуэ мыващхъуэ кIанэ, щхьэузыхь сызыхуэхъун, си пхъурылъхур схуэгъэIущ, схуэущий!

Ващхъуэ мыващхъуэ кIанэр къепсщ, ящхъуэпскIри IукIыжащ.

Ар щымыхъум, Бакъуэ Нанэ тридзэри Лъэпщ деж кIуащ. Лъэпщ лъащэу кIыщым щIэтти, къыщIишри ельэIуащ:

- Гъуклэ лъэпщ, щхьэузыхь сыпхухьу, си пхъурылъхур схуэгъэIущ, схуэущий.

- Iэщэ хуейм хуэсщIынщ, - жиIащ Лъэпщ.

- Си цIыхубзыгъэм и хьэтыр къэлъагъу, си жагъуэгъу умыгъэгуфIэ.

- НакIуэ, си хьэтыр къилъагъумэ, Сэтэней сыпхуельэIунщ.

- Хьэуэ, хьэуэ! Алыджхэ я гыбзэ стельщ.

- Хъунщ-тIэ, - жиIэщ, Бакъуэ Нанэ и пхъурылъхум и Iэр иубыдри, кIыщым щIишащ и гупэ иригъэувэри, игъэIущащ, иущийри къритыжащ.

Бакъуэ Нанэ тыгъэ хъихьакъэр къиганэри, гуфIэу кIуэжащ.

Ар уэ жыпIа, се жысIа - сытми Сэтэней гуащэм деж нэсажащ «Бакъуэ Нанэ и пхъурылъхур Лъэпщ игъэIущащ, иущийщ», - жаIэри.

- ЕIым-еI! - жиIэри Сэтэней губжьауэ Лъэпщ деж къэсауэ.

- Аркъыми-аркъым, уи нэкIур фIамыщIрэ гъущI фIейр къыпкIэрытIэтIу Бакъуэхэ я щIалэм и гъэIущын уи пщэ къинат уэ? Уи мыIуэху щхьэ зепхуэрэ, си Iуэху щхьэ укъыхэIэбэрэ?!

Лъэпщ дыхьэшхри щIыхьэжащ кIыщым. ИтIанэ и уадзэр къыщтэри, IэуэлъаэущхуэрэкIуэ сыдджым еуэзу щIидзащ:

- Ар зи къеГъэжьэкIэм и кIэм фIы къыригкIуэнкъым. Сызижагъуэным зэхиух, - жиIэри, Сэтэней нэхъри губжьри багащ:

- Лъэпщ игъэIущыр щхьэмыкъуу, и псалъэ мызащIэу, ищIэр мыхъуу, и хъуэхъур гыбзэу дунейм трет! - жиIэри.

Къущрэ Иныжьымрэ

Хьэжрэтым, ХьэтIохъущыкъуэй къуажэм пэмыжьыжьэу, Афэ Бгыщхьэкlэ зэджжм нартхэм ядзауэ щытауэ мывэжьищ нобэми тельщ.

А мывэжьхэр здэщыIым пэмыжьыжьэу зы шхужь гъуанэ гуэр щыльти, нарт Къущ щхъэ а щIыпIэм щызекIуэу, а шхужь гъуанэм хуэзэри, зэрыщууэ икIауэ щытащ. Ар Къущым игъэщIагъэри, тхъэ ельэIуащ:

- Мыр зи къупщхьэу щытар хьэфизу къэгъэхъужи сыгъэльагъу, - жиIэри.

Къэхужащ, и нитIыр имыIэжу. Къызэрыхъужу жиIащ иныжьым:

- ЦIыхумэ дэнэ къикIа, цIыху фыщыт мыдджеим?

Нарт Къущыр псалъэри: «Сыщытщ», - жиIащ.

Нарт Къущыр еупщIащ:

- Усыт лъэпкъ, дэнэ ущыпсэуа?

- Сыиныжь лъэпкъщ, мы щIыпIэм дисащ. Мыбы и дежьм пэмыжьыжьэу мывэжьищщыхьть? -жиIэри щIэупщIащ.

- А мывэжьхэмкIэ дыджэгуу щытащ, зэхуэдздэрэ.

- АтIэ иджыри бдзыфыну пIэрэ? - жиIэри еупщIащ.

- Сыишт а мывэжьхэм я деж! - жиIэри и Iэпэр ишиящ. Арщхьэкlэ Къущым абы и Iэпэр иубыдын дзыхь имыщIу, япэ иувэри мывэжьхэм иришэлIащ.

Иныжьыр щIэупщIащ:

- Мыбдежьм Iэуэшхуэ щыт? - жиIэри.

- Щытщ! - жриIащ.

- АтIэ мы къуэкIийм дэкIи, адэкIэ къуэкIий бжьэпэм къытеуви къэкIий, - жриIэри, Къущыр кIуэри, къытеувэри къэкIиящ.

Иныжьым зы мывэр хъищтэри, «нокIуэ» жиIэри идэри, Къущыр Iупльэтри, зэрыта пIэм ихуащ. ЫмыкIамэ - иуклат.

Иныжьыр кIиящ: «Ущыlэ?» - жиIэри.

- Сыщы1эщ, - жиIэри Къущым жэуап къитыжащ. Аргуэру «нокIуэ» жиIэри мывэ етIуанэр идзащ. Къущыр и пIэм илъэтащ, армырамэ иуклат.

- Упсэу? - жиIэри иныжьыр кIиящ.

- Сыпсэущ, - жиIэри Къущыр къеГуоужащ.

Ещанэр идзащ, ари Къущ зэрыта пIэм иригъэхуащ. Еупщlащ:

- Ущыlэ? - жиIэри.

- Сыщы1эщ, - жиIэри къегуоужащ.

- Упсэумэ, мыдэ къэкIуэж, - жиIэри къишэжри еупщIащ: «Дауэ укъела мы мывэ нэздзахэм?»

- СыIупльэтащ, - жриIащ.

- «Iупльэт» жыхуаIэр сыт? - жиIэри иныжьыр щIэупщIащ.

- «Iупльэт» жыхуаIэр, мывэ накIуэр зытумыгъэхуэн щхьэкIэ уи пIэ уэзрыти уикIыныр арщ.

- Ар дэ дымыщIэу мывэу надэ илъэпкъэр къыттехуэурэ дызыухар аращ, - жиIащ иныжьым.

Къущыр тхьэ ельэIури, иныжьыр зэрыкъупщхьауэ хъужащ.

Бэтей

Зы къуажэ гуэрым зы лIыжь цIыкIу дэст, кьуиц иIэу. ЛIыжь цIыкIур махуэ гуэрым мэзым кIуащ пхъэ кIыхьыну. КIуэри, пхъэр зэкIуэцIипхэри къежьэжауэ, къыздэкIуэжьым зы бла ин гуэрым хуэзэри, къимыгъакIуэу и кум ириубыдащ. Ирибыдэри лIыжь цIыкIум къыжриIащ:

- Иджы уэ узмышхуэ хъунукъым.

ЛIыжь цIыкIур ельэIуащ:

- Сумышх, сутIыпщыж.

- УэутIыпщыжынщ, уи щIалищым языхэз уэзрынэсыжу къыхсхуэбгъэкIуэнымэ.

Тхьэ щыхуиIуэм, къиутIыпщыжкри щызкIуэжащ.

Къэсыжри, къыщыщIар и къуэ нэхъыжьым жриIэри кIуэну унафэ хуищIащ. Идакъым кIуэн. Курытым жриIэри, абыи идакъым. Ещанэм жриIащ къыщыщIаехэр, и къуэ нэхъыжьитIми кIуэн зэрамыдари хуиIуэтащ. ИтIанэ я къуэ нэхъыщIэм жиIащ:

- Сыт дэ уэ дыкъыщIэплъхуари дыщIупIари, уэ жыпIэм демыдзIуэнумэ? Сэ сыкIуэнщ, абыхэм кIуэн ямыдами.

И шым уанэ трилъхьэщ, и Iэщэр къиштэщ аби, еуэри ежьащ. Нэсри, блэр къыпэплъэу щыстри:

- Си адэм сыкъигъэкIуащ уи деж, - жриIащ.

- АтIэ, накIуэ сэ уздэсшэм, - жиIэри, щIалэр блэм иришажэри ежьэжащ.

Зы жэщ-махуэкIэ кIуэ ноужь, щIалэр къэувыIэри, и сэшхуэр кърихащ.

- Уи щхьэр пызупщIынщ, дызздэкIуэр дэнэми къызжумыIэмэ.

- Дынэсащ, умыпIэщIэж, - жиIэри куэд ямыкIужу пщIантIэ гуэрым дыхьэри унэм щыхьащ. ЩIыхьэри, блэм блафэр зытригъэжри, тхьэIуэхудым хуэдэу дахэу, хъыджэбз къыщIэщащ.

Еуэщ абиу, ар псэгъу хуэхъури здэпсэуэу щIадзащ. ЩIалэр махуэкIэ щакIуэ текIырти и фызым къыжриIащ:

- Дэнэкlэ уфIэфIми кIуэ, ауэ гупэмкIэ умыкIуэ. АбыкIэ кIуэр къэкIуэжыркъым, - жиIэри.

ЩIалэр махуитI-щыкIэ кIуакъым гупэмкIэ щакIуэ, итIанэ зы махуэ гуэрым абыкIэ кIуэри илъэгъуащ зы жыг гуэрым и лъабжьэм бжэн гуп щIэту. Абы яхэтт зы ажэ къаХэпIиикIыуи, абы иригъапщэри еуащ. Техуа щхьэкIэ, пхыкIакъым. ЕтIуанэуи еуэну щригъапщэм, ажэр къаплъэри къилъэгъуащ. КIыхьэрилъагъуу, къажэри и бжьакъуэ зэхуакум щIалэр диубыдэри ихьащ. Здихьам и натIэгум нэ закъуэ ису зы иныжь щIэст, зылIи игъэжьауэ ишхыу бгъэдэсу, нэгъэщIзылIи псэууэ щIэст. ЩIалэр ар зыщIэсым щIидзащ иныжьым.

Арти, ныкъуэшхыр иухри иныжьыр гъуэлъыкри жеящ. Къэушри псэууэ щIэса лIыр игъажьэри ишхщ аби жеижащ, дзаосэр мафIэшхуэм пэрилъхьэри. Къэушмэ ишхынр езырати, дзаосэ гъэплъар къиштэри иныжьым и нэ закъуэм щIиIури иришащ. Иришщ аби, щIалэр кIыщыжри къежьэжащ. Иныжьыр къыкIэлъыщIэжри къелъэIуащ:

- Уи насып къыстекIуащ, ауэ къэгъэзи мы Iэлъыныр сIых, - жери. КIыIихьи щимыдэм, кIыхуидзащ. Къиштэри зыIэритIагъащ. Iэлъыныр фийуэ хуежьащ. А фий макъымкIэ иныжьым къыкIэлъыжьыхьыт щIалэр къиубыдыныи, бжьхьым пылъ щхьэкъупщхьэхэм ящыщ зыр къэпсалъэри жиIащ:

- Уа, щIалэ мыгъуэ хъун, а Iэлъыныр зыIэрыгъ Iэпхъуамбэр пыупщIи хьфIдзэ, армыхъумэ уIэщIэкIуэдэнущ.

Iэпхъуамбэр пиупщIри, бгым щIидзащ.

Иныжьыр абы кIэлъелъэри иуклащ. ИтIанэ, щхьэкъупщхьэ гуэрым жиIащ:

- Унэм щIыхьи, абы щIэлъ щIопщ кIагуэр къыщIэхи къыдзэу, щIыхь дыхъужьынущ.

Апхуэдэу ищIри, псори щIыхь хъужащ. Ажэри иуклащ, иныжьым мыпIкIуу иIэр къызэщIакъуэри къахьащ. КIыигъэхъужакъэм и фызым и дзэхъуитIи яхэту я унэ къинэжри, гуиблым къахуэгъэхъеи фIыгъуэ дэщIыгъуу и фызыр къишэри я бжьэкIуэжащ.

● Хъыбархэр

Нартхэм я лэгъуп

ЛъэкIныигъэшхэу зыхэлъа лъэпкъщ нарт лъэпкъыр. Нартхэр бийм зэи щышынэу щытакъым. Ауэ пщытхэ нэпсей бзаджэ Пэкъуэ IущIа иужькIэ, зыхуецIыдз быным мэл гуартэ IущIэмэ зэрыщышынэм хуэдэу, нартхэр абы щышынэрт.

Нартхэм пщытхьэ Пэкъуэ зыхуагъэщхъырт, щхьэщэ хуащIырт, сыт нэхъыфIу яIэми тыгъэу хуахъырт:

- Тхуэпсэу ди пщытхьэ Пэкъуэ... - жаIэурэ.

Зэгуэрым, ятелъ хьэлъэм я плIэр иухуауэ, нартхэм тыгъэ Пэкъуэм щыхуахъым, гъатхэ щыблэм и макъым ещхьу къэIуащ макъ лъэщ гуэр.

- Нарт лIыхъужьхэ! Кудщ ажэ жьакIэ Пэкъуэ къэрабгъэжьым тыгъэу хуэфхьа? Нарт лъэщхэр щхьэхуиту щытым хуейц!

Тыгъэ зыхьхэр щтауэ, къэхуар ямыщIэу кIий макъыр щызэхахым, я пIэм ижьыхащ. Нартхэр къызэпIэкIри яIэзгъуащ: кIиярэ нарт щIалэ хахуэм и хахуэж Хъэзырмэджт.

Нартхэр гъэпIэрт а псалъэхэм папщIэ Пэкъуэ щыблэкIэ къеуэу лIыхъужьыр и пIэм ириукIыхьыным. Ауэ щыбли щыIакъым, Пэкъуэ нэпсей бзаджэр пэж дыдзу къэрабгъэт.

Нартхэм ящыщу зыри къедэIуакъым Хъэзырмэджым, апхуэдизкIэ я гур Пэкъуэм ириудати. Нартхэм хуащI тыгъэрI къэмыр Пэкъуэм зэриншым хуэдэу екIуэкIырт.

Абы иужькIэ куэд мыщIэу, нарт лIыхъужь лъэпкъыр зэрышхыкI я лэгъупышхуэм и хъуреягъкIэ къеувэкIащ. Лэгъупыр къуршитIым и зэхуакум щIым щыхэтIат. Лэгъупыр апхуэдизкIэ инти, кьурш гуэлипщIым ярыт псыр ихуэрт.

А лэгъупым щхьэкIэ нартхэм зэныкъуэкъу Iэхьахьат: дэтхэнэ зыри а лэгъупымкIэ япэ пщэфIэну хущIэкъурт. Арати, лъэпкъым унафэ ящIащ лэгъупым из псыр мафIэ щIимыщIу къэзыгъэзвэф нартым иратыну. Мыл хьэдзэжь къурышщхьэм къыкIэрачри, лэгъупым из ящIащ. Ауэ зыми, лэгъупыр кIыгъэвэн къэгъэнауэ, мылыр игъэткIун хуIэхкIакъым мафIэншэу. Псоми укIытауэ я щхьэр ягъэкIрагъэхуэрт:

- Ар зыIъэкIынур псори зыIъэкI Пэкъуэщ, - жаIэрт. Мыбдежьм зэхуэсахэр зэлъыIуитхъуурэ, кьэпльэн кIуэкIэр ищIу, занщIэу зыричу лъэн хуэдэ, нарт щIалэ Хъэзырмэдж лэгъупым бгъэдыхьащ. Нэр здынэмыплъыс уэгум и нэр шынагъуэу триубыдэри, и джатэ хьэлъэ Iэтар занщIэу игъэхуэпскIащ.

- Фыкъэдалуэ, нарт лIыхъужьхэ! - гуоуащ Хъэзырмэдж. - Нобэ щакIуэ сызэдэкIуам сукIащ Пэкъуэ ажэ жьакIэ къэрабгъэжьым и Iухуэтхьэзащ1эу блы, щыблэмрэ уафэ гъуагъуэмрэ я тхьибл... ИгъащIэм дунейм щыжамыIа псалъэхэр Хъэзырмэдж къыщыжьэдкIыу, уафэр къызэщIэуфIыщIащ, нартхэм я лэгъупым илъ мыл хьэдзэжьхэр ткIуащ.

Нэхъри нэхъ лъагэжу Хъэзырмэдж и джатэр иIэтри, нэхъри губжьауэ нэхъ иныжу гуоуащ:

- Ей, лъыиф, Пэкъуэ бзаджэ! Нобэ къурш зэхуакум сэ уи тхьибл мэзхэмрэ псыхэмрэ зыхъужьхэ тхьэхэр сукIащ...

Пшэхэм уафэр щIахъумащ, пшагъуэ гуэраныр лагъупым кьурхьэу хуежьащ. ИтIанэ, зи псэр IукIауэ зэхэт нарт гупым телъыджэ къащыхъуауэ, Хъэзырмэдж Пэкъуэм зэрыхуэдэлъар зэхахащ:

- Сэ уэри уэукIынущ, Пэкъуэ! Зэхэпхрэ, пщытхэ, къэрабгъэжь бзаджэ!

Iэуэлъаэуэ ищIу нартхэм я лэгъупым бахъэ псы пщытырыр жыжьэу иутхыу къикъуэлъыкIыу щIидзащ. ЦыбIэр ину къащIычри, уафэр зыуфбгъуа пшэ фIыцIэ гуэрэнхэр зэкIэщIихужри, псори зэуэ щым хъужащ.

Нарт лъэпкъым итIанэ бэлыхьыр къахьыкащ. Уэшх щымыIэжу дыгъэ жьэражьэм и бзий пщтырхэм щIыгур игъэхурт, дунейм щхьэнтIагъэ тетыжтэкъым, жыгхэм тхьэмпэхэр къапыщэщыжат. Iэщхэмрэ хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ зэтелIэжат. Фызхэр лъхуэжхэртэкъым. Кьурш псынэ щIыIэхэр игъэкIыжат.

ГущIэгъу къахуищIыну, хьэзаб къатриIухьар нартхэм ящыщ. Нартхэр бийм зэи щышынэу щытакъым. Ауэ пщытхэ нэпсей бзаджэ Пэкъуэ IущIа иужькIэ, зыхуецIыдз быным мэл гуартэ IущIэмэ зэрыщышынэм хуэдэу, нартхэр абы щышынэрт.

Нартхэм пщытхьэ Пэкъуэ зыхуагъэщхъырт, щхьэщэ хуащIырт, сыт нэхъыфIу яIэми тыгъэу хуахъырт:

- Тхуэпсэу ди пщытхьэ Пэкъуэ... - жаIэурэ.

Зэгуэрым, ятелъ хьэлъэм я плIэр ихуауэ, нартхэм тыгъэ Пэкъуэм щыхуахъым, гъатхэ щыблэм и макъым ещхьу къэIуащ макъ лъэщ гуэр.

- Нарт лIыхъужьхэ! Кудщ ажэ жьакIэ Пэкъуэ къэрабгъэжьым тыгъэу хуэфхьа? Нарт лъэщхэр щхьэхуиту щытым хуейц!

Тыгъэ зыхьхэр щтауэ, къэхуар ямыщIэу кIий макъыр щызэхахым, я пIэм ижьыхащ. Нартхэр къызэпIэкIри яIэзгъуащ: кIиярэ нарт щIалэ хахуэм и хахуэж Хъэзырмэджт.

Нартхэр пэпIэрт а псалъэхэм папщIэ Пэкъуэ щыблэкIэ къеуэу лIыхъужьыр и пIэм ириукIыхьыным. Ауэ щыбли щыIакъым, Пэкъуэ нэпсей бзаджэр пэж дыдзу къэрабгъэт.

Нартхэм ящыщу зыри къедэIуакъым Хъэзырмэджым, апхуэдизкIэ я гур Пэкъуэм ириудати. Нартхэм хуащI тыгъэрI къэмыр Пэкъуэм зэриншым хуэдэу екIуэкIырт.

Абы иужькIэ куэд мыщIэу, нарт лIыхъужь лъэпкъыр зэрышхыкI я лэгъупышхуэм и хъуреягъкIэ къеувэкIащ. Лэгъупыр къуршитIым и зэхуакум щIым щыхэтIат. Лэгъупыр апхуэдизкIэ инти, кьурш гуэлипщIым ярыт псыр ихуэрт.

А лэгъупым щхьэкIэ нартхэм зэныкъуэкъу Iэхьахьат: дэтхэнэ зыри а лэгъупымкIэ япэ пщэфIэну хущIэкъурт. Арати, лъэпкъым унафэ ящIащ лэгъупым из псыр мафIэ щIимыщIу къэзыгъэзвэф нартым иратыну. Мыл хьэдзэжь къурышщхьэм къыкIэрачри, лэгъупым из ящIащ. Ауэ зыми, лэгъупыр кIыгъэвэн къэгъэнауэ, мылыр игъэткIун хуIэхкIакъым мафIэншэу. Псоми укIытауэ я щхьэр ягъэкIрагъэхуэрт:

- Ар зыIъэкIынур псори зыIъэкI Пэкъуэщ, - жаIэрт. Мыбдежьм зэхуэсахэр зэлъыIуитхъуурэ, кьэпльэн кIуэкIэр ищIу, занщIэу зыричу лъэн хуэдэ, нарт щIалэ Хъэзырмэдж лэгъупым бгъэдыхьащ. Нэр здынэмыплъыс уэгум и нэр шынагъуэу триубыдэри, и джатэ хьэлъэ Iэтар занщIэу игъэхуэпскIащ.

- Фыкъэдалуэ, нарт лIыхъужьхэ! - гуоуащ Хъэзырмэдж. - Нобэ щакIуэ сызэдэкIуам сукIащ Пэкъуэ ажэ жьакIэ къэрабгъэжьым и Iухуэтхьэзащ1эу блы, щыблэмрэ уафэ гъуагъуэмрэ я тхьибл... ИгъащIэм дунейм щыжамыIа псалъэхэр Хъэзырмэдж къыщыжьэдкIыу, уафэр къызэщIэуфIыщIащ, нартхэм я лэгъупым илъ мыл хьэдзэжьхэр ткIуащ.

Зы щIалэ гуэр псэурт, мы дунейм къуалэбзууэ тетым я бзэр ищIэу. А щIалэм и фызым кIытэ игъэгъуну трикIутат. А кIытэ трикIутам бзухэр бгъэдэтIысхьауэ ящIыпыртри, бзуухъур къэпсалъэри:

- Зыр жьэдэвдзи, тIур ефтхъух, - жиIащ.

Ар щIалэм зэхищIыкIри дыхьэшхащ. ЩыдыхьэшхыМ и фызыр къэгубжьащ:

- Сыт щхьэкIэ укъыстщIдыхьэшха? - жиIэри.

- Уэ сыпщыдыхьэшхакъым, сэ сыщIэдыхьэшхар мо бзуухъум жиIар зэхэсщIыкIати аращ! - щыжиIэм, фызыр къэпсалъэри, и лIым жриIащ:

- Иджыпсту къуалэбзууэ щыIэм я цыпэ зырыз къыскухэпчу щхьэнтэ сымыщIмэ сыпIэнущ! - жиIэри.

ЩIалэр гуэвэри, къыззхуигъэсащ дамэ зытету щыIэр. Жьыиндуужьыр къэмысу зыкъомкIэ къакIэрыхуауэ къыщысым, щIалэр еупщIащ:

- Сыт альандэрэ укъыщIэмыкIуар? - жиIэри. Жьыиндур къэпсалъэри жэуапыр ираташ:

- Сэ сыкъыщIыкIэрыхуаращ, мывэмрэ вагъуэмрэ зэпэзбжьырти, абы сыкъиГъэгуваш, - жиIэри.

- НтIэ дэтхэнэр нэхъыбэт?

- Мывэр нэхъыбэт! - жиIащ.

- ИтIанэ-щэ?

- ИтIанэ зIамрэ псэумрэ зэпэзбжат, - жиIащ.

- НтIэ, дэтхэнэр нэхъыбэт?

- Абы лIар нэхъыбэу къэслъытащ! - жиIащ.

ЩIалэм ар пэжыжьэ Iэмал имыIэу щыжиIэм, жьыиндур къэпсалъэри:

- Ар зи щхьэр зымыгъэпсэужьыф псори лIам хэзбжати аращ, - жиIащ.

- ИтIанэ-щэ? - жиIэри, щIалэ гуэрыр жьыиндум еупщIащ.

- ИтIанэ лIымрэ фызымрэ зэпэзбжат, - жиIащ.

- НтIэ, дэтхэнэр нэхъыбэт?

- Фызыр нэхъыбэт, - жиIащ.

- Ар дауэ хъун? - жиIэу щIалэм щимыдэм, жьыиндур къэпсалъэри:

- Си фыз едаIуэ псори фызым хэзбжауэ арат, ари нэхъыбэ щIэхъуар, - щыжиIэм, щIалэр зыщIэгупсысыжри, зыци къыхимычу иутIыпщыжащ.

Ауэ щыхъум, жьыиндур къуалэбзууэ щыIэм я цым щыщ къыхэзымыгъэча жьыиндур губзыгъащэу къалъытэри, и лъакъуэр ятхьэщIыну унафэ ящIауэ дамэ зытет псоми ятхьэщIырти, зыгуэр къэпсалъэри жиIащ:

- Мы жьыиндуу и лъэгур сыту щабэ, - жиIэри. НэгуэщI зыгуэр къэпсалъэри:

- И лъэгум хуэдэу игури щабэщ абы! - щыжиIэм, жьыиндур шынэри пабжьэм хэтIыхсхьэжащ. Аращ жэщу фIэкIа махуэу ар дунейм къыщIытемыхьэри.

● Гъэсэпэтхыдэ

Жьыиндуужь

● Усэрыбжэхэр

Адыгэ псалъэжьхэр

Алъпыр къралъ гулъкIэ ягъашхэ (*къралъ - удз лъэпкъщ*).

Арыкъ сабынкIэ тхъэщIи къабзэ пхэущIыжьынкъым *(щIэпхъаджэ куэд зыщIа цIыхуэм хужаIэ)*.

Бгъур иукIыу епщIанэр кIэсу кIыхьа хуэдэщ *(зыкъызыфIэщIыжым хужаIэ)*.

Ди гъунэгъум я джадыр къаз хуэдэщ *(нэпсейм, фыгъуэздым ауэнышIу хужаIэ)*.

Джэдым фэнд кIэрыщIащ *(зэрышхэрейм щхьэкIэ жаIэ)*.

Дзыгъуэм и щыр кIыр хуэмэ, щIыIэлIэх мэхъу *(щыкIыгъуафIэм ираIуэкI)*.

ЗэкIуэцIыпхэуэ щыуIэ дыгъужьыр тхъэкIымэкIыхьым йощэ *(Iэрыубыд ящIа пэтрэ, итIанэ зэранытэ ищIэну пытыщ, жьыхуиIэщ)*.

ЗэкъуэшитI зэкъуэщтыжьыркъым *(зэкъуэщтыжьркъым - щтэуэ зыр зым хьэфIидзэркъым, жьыхуиIэщ)*.

Зибзеихьу и Iэшхьлъэ итIысхьажа? *(зыми хуэмыныкъуэжьн, зыри къыщIымыщIыжьын и гуГъэ? - жьыхуиIэщ)*.

ЗилI Iэмбатэм и фыз куэтэрамэщ *(зилI мыкIуэмытэм и фызри апхуэдэщ, жьыхуиIэщ)*.

Къуэныжь уэлбанэхэлъхуэщ *(щимычэзум Iуэху къыдзэлъэдым хужаIэ)*.

Лы къыIэрымыхьам дыгъужьым и дзэр егъэщ *(къыпIэрымыхьэм уеГъэгъазэ, жьыхуиIэщ)*.

Лъэгуажьэпэм нэмыс хьэдрыхэ ноIуэ *(псалъэ Iей умыутIыпщ, жьыхуиIэщ)*.

МафIэ здэщымыIэр тахътэкъым *(мафIэ здэщымыIэм тхъэгъуэ щыIэкъым, жьыхуиIэщ)*.

Псым икI пэтрэ я кIэ зэнтIэIуащ *(Iыхьлыгъэ зэхуаIэкъым, жьыхуиIэщ)*.

Уэ блэ къоуамэ, се бздж къызэуащ *(уэ къыпщыщIам нэхърэ нэхъыкIэж сэ къысщыщIащ, жьыхуиIэщ)*.

ХьэкIэри кхъуэкIэри зэрепх *(Iуэху куэд зэпызыщэм хужаIэ)*.

ХьэкIуфхэр зофийри, зэфэгъуэхэр зэкIуомщ *(хьэкIуфхэр адыгэхэм ящыщ зы лъэпкъщ, хы ФIыщIэ Iуфэм Iусащ. «ЗэкIуом» псалъэр урысхэм «кум» жыхуаIэм къытекIагъэнущ, зэблагъэщ, жьыхуиIэщ)*.

Бжьыдзэм и тхьэусыхэ

Хуэхуейуэрэ, хуэхуейуэрэ
си бжьыдзэ,
Бжьыдзэм я тхьэусыхэр
согъэш,
Щэху-щэхуурэ пIэ
лъапэ кIрожэ,
Си фэри сумэшэжьей
къысхуещI,
Хьэджафэри уэд
ящIри ягъалIэ,
Гущэм хэлъ сабийри халIыхь,
Цыпхьдзэм хуэдэри
я пащIэщ,
Зэрамыщ1эжри я уэкIэщ,
Куэбжэ IуукIэжьгъуэми
мэятэ.

Хьэндыркъуакъуэ



Блэр гъуэмбым кьипщауэ
хьэндыркъуакъуэм хуэп-
щырт ишхыну. Хьэндыр-
къуакъуэр псым хэмыщкIэжу
зыIэригъэхьэн щхьэкIэ,
къигъэпщIэн и гугъэу, мурад
хуищIауэ жиIэт:
- Еуэрэ-еуэрэ, еуэрашэ,
Сыт и щыгъуи
сынашэкъашэщ,
Багъэтыр лъашэ гъуэм
сыкъреш,
Мей мэскIэплъым
сыкърешалIэ!
Пщы Къет пщы
Мэз кьнукIащ,
Хьэдагъэ унэкIуэн? -
жиIэри...
- Ей-ей, сэрмыгъуэ!
Сэ схуэдэр пщым
я бжэIу Iуагъыхьэрэ?..
СыхьэншакъыIэщ,
Сыхьэлъакъуэжьщ,
Си нэр къопщ,
Си пщэр кумбщ, - жьгъум-
пIыкъ жиIэри псым хэпкIэ-
жащ.

Аргъуей

Аргъуей жыхуаIэр
уд фIыщIэ пэ дыдщ,
Уэд жьей тхъэмыщкIэщ.
ТхьэкIумакIэм зыхсесэ,
Уэсэпс къехмэ мэмэх,
Хьэ хыжьигъуэм мэятэ,
Мэкъуауэгъуэм мэтэдж.

Блэгъэ1эсэ уэрэд

ХъутIэ-хъутIэ, деикъуэ,
Зи къуэ дыщэрыджьдж,
Зи анэр джэмыдэтес,
Къущхьэ псынэр
согъэхуахуэ.
Ихуэ-сихуэ, нэхъыжь,
Уижь-сижь нэхъ гуащIэ?
Блэпщым сощIэ,
Блэпщ, къикI.
Езгъэбзи кIыхьыжь,
Собэн, сыштокIуэ.
Уи гъуэгу ирикIуэ,
Си гъуэгу срокIуэ,
Дызумыгъэзауэ,
ДызэгъэдэхащIэ.
Уи щIэн си щIасэ,
Си щIэн уи щIасэ...
Гуахъэтыри къан!

Епщэ

IэлъэщIыр плъыжьщ,
Джанэр плъыжьщ,
Зэгъалъэр плъыжьщ,
Лъэпэдыр плъыжьщ,
Вакъэр плъыжьщ,
Кхъуэнэжьщ псы къахьакъым,
Псым къикIри икIыжащ.
Бжэн плъыжь Iэзэгъуэщ,
Нысащ1э плъыжь Iэзэгъуэщ,
И щхьэ плъыжь Iэзэгъуэщ,
Кхъуэнэжьщ псы къахькъым,
ЩхъуэкIэщ-плъыжьыкIэщ,
Ялыхь, щIэгъэкI.
Епщэ дыр-дыр,
Епщэ дырыс,
Епщэ мыIэмылIэ,
Епщэ лIэпащ.
Махъэ дыр-дыр,
Махъэ дырыс,
Махъэ мыIэмылIэ,
Махъэ лIэпащ.
ЩхъуэкIэщ-плъыжьыкIэщ,
Кхъуэнэжьщ псы къахьрэ?
Псым къикIри икIыжащ.

Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ республикIэм и 9-м республикIэм и артистхэм щатащ «Си хэку, си республикэ» концертыр. Уэрэдзэ къафэкIэ гъэнщIа а зэхьыхьэр махуэхуэм и куроих хьуащ жыпIэмэ, ущыэнукъым. Концертыр ягъэдэхащ «Кабардинка» къэрал академическэ къафакIуэ ансамблым, «Балкария» къэрал Iуэрыпуатэ-этнографие къэфакIуэ ансамблым, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Тэрч къэзакъэр» Iуэрыпуатэ гупым, уэрэджьыкIуэ цIэрыIуэхэу Бэрбэч Аскэр, Текуев Амур, нэгъуэщIхэми. Дунейр зэрымыуэфIми емылытауэ, сыхьэтитIым щIигъукIэ екIуэ-кIа концертыр щIэщыгъуэ, гукъинэж ящыхьуащ абы еплъахэм.

**Налшык и Къэрал концерт гъэлъэгъуанIэм и гупэ утыкум дежь зыкъыщигъэлъэгъуащ Темыркъан Борис и цIэр зезыхьэ Къбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым. Оркестрым и дирижёрыр икIи художественнэ унафэщIыр музыкант, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Темыркъан Пётрщ. Концертыр ирагъэжьащ Къбэрдей-Балъкъэрым и гимнымкIэ. Иужьк1э ягъэзэщIащ УФ-м гъуаджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат ХьэIупэ Джэбрэил, Чайковский Пётр, Брамс Иоганнес, Хачатурян Арам, нэгъэсащIхэми я лэжьыгъэхэр. Абы къыпыкIыжащэу, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуи и цIэр зезыхьэ утыкум Налшык къалэм и щэнхабзэ зыгъэпсэхупIэ парк зэгухьэныгъэм и эстраднодуховой оркестрым концерт щитащ. «Иоканто» уэрэджьыIакIуэ студием «Чайный домик» шхапIэм и гупэм деж иIэ утыкум зыкъыщигъэлъэгъуащ. КъБР-м и Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм и утыкум концерт щатащ «Elvishow» студием и уэрэджьыIакIуэхэм. «Восток» кинотеатрым и гупэм деж щыIэзэхуэсахэм я уэрэдзэр жраIащ «Родник» къэзакъ хорымрэ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я «Эстафета» хорымрэ. Къишыгэмыщlауэ, Гъуазджэхэмкlэ сабий школ №91-м, №92-м я гъэсэнхэмрэ сабий творчествэмкIэ «Эрудит» центрым екIуалIэ ныбжьыщIэхэмрэ зыкъагъэлъэгъуащ. КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фонд Взрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэми концерт щIэщыгъуэ щекIуэкIащ, «Родник» къэзакъ хорымрэ республикэм и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэмрэ я артистхэр хэту.

Уэрам театрхэм я «Насыпым и кIалэ» фестивалым хьыхьу, Къэзан къалэм, Москваря Санкт-Петербургрэ я театр труппэхэм я артист цIэрыIуэхэм Абхъазым и утыкумрэ Долинск Къуэныкъуэйм и цIэр зезыхьэ и уэрамым щащуэуа «ЗыгъэпсэхупIэ» скверымрэ гукъинэжу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Фестивалым хьыхьу республикэм и цIыхубэ Iэпщlэлъапщlэхэр я Iэрыкlэхэр утыку кърахьащ, Iэпэлэсхэм мастер-классхэр ятащ. Апхуэдэу Къэбэрдей уэрамым и лъэс гъэзу зекIуалIэмрэ Долинск щыIэ «Зыгъэпсэхупlэ» скверымрэ апхуэдэ гукъыдэж зиIэхэр кино щеплъащ. А щыпIэхэм деж тхыпIэ выставккэхэри къыщыщэрагъэпэщат.

Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекIуалIэм Налшык къалэм и тхыдэм теуха суэрт гъэлъагъуэныгъэр къыщыщэрагъэпэщащ. Ар фокIадэм и кIэ пщIондэ лэжьэнущ. Апхуэдэу «Сквер 100 летия» павильоным щагъэлъагъуэ «Къалэм и тхыдэр» выставкэр. Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуаха ныжь, къыпащащ «Архитекторым дыщIыгъуу щыхьэрым зыщыщдоплъыхь» IуэхумкIэ, «Си къалэ» зэхьэхьэмкIэ. Республикэм щыпсэуэхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ Къэбэрдей уэрамым и «Перимлетр» арт-Iуэхущlапlэм деж тхылъхэмрэ хьэпшыпхэмкIэ щызэхъуэжащ.

Москва къикIа «1/2 оркестра» музыкэ гупым Абхъазым и утыкум концерт щатащ. Артистхэм къагъэлъэгъуащ макъамэ Iэмэпсымэхэм ещэным щаIэ зэфIэкIхэр, абы жанр зэмыIэжьыгъуэхэм щыщ, езыхэм зэхалъхьэжа макъамэ щIэщыгъуэхэр хьэжьу. Москва и «За углом» театрым и артистхэм ягъэлъэгъуащ «Дисапед шоу» спектаклир. Апхуэдэу Москва и «Высокие братья» цирк-театрым и артистхэр щыджэгуащ «Летающий дурацкий цырк Даниила Хармса» спектаклым. Санкт-Петербург и «Лицедеи Вячеслава Полунина» театрым, «Театральные технологии», SADKOVAIZGDOVA Iуэхущlапlэхэм, «Лёгкие крылья» уэрам театрым (Альметьевск къалэ) и актёрхэм, клоунхэм зыкъагъэлъэгъуащ.

Налшык къалэм и ипподромым щыгъажэ щекIуэкIащ. «Дружба народов Северного Кавказа» Iуэхум хьыхьэу, лъэкъуэрыгъажжкIэ къыздэжэныкIэ зэпеуащ. ХьэтIохьущокъуэм и хадэм ит аттракционхэмрэ зоопаркымрэ ныбжьыщIэхэм я нэгу зыщагъэужьащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Суэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къулыкъур и Iэщlагъэщ, сурэт щIыныр и дуней тетыкIэщ

Хьэжнэгъуей Залинэ къиухащ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш къэрал университетыр. Зыхуеджар «Къэрал муниципальнэ управленэм» унэтIыныгъэрщ. Налшык къалэ администрацэм Къалэм и зыужьныгъэмкIэ, курортхэмрэ туризмэмкIэ и департаментым и щIэныгъэ лэжьакIуэщ. Къулыкъу щIэным хуэIэижьщ, и Iэщlагъэр фIыуэ ельаГу, абы къыдэкIуэуи ар гъуазджэм дихьэх хъыджэбзщ. Залинэ сурэтыщIщ. Абы хуемыджа пэтми, и Iэдакъэщlэкlэхэм уатхэкъуэ. Iэщlагъэм, дзэныхьэхэм, гъащIэм теухуауэ Залинэ и гупсысэхэр щIэщыгъуэщ.

- Залинэ, уи сабиигъуэ гукъэкIыжкIэ къыддэгуашэт.

- Си сабиигъуэ гукъэкIыжхэр хуабэщ. Егъэлеяуэ сыжанти, дакъикъи сытепылIэртэкъым. Дунейр щхьэжкIэ-плъыкIэт сэркIэ - къэзжьихьыр, сыдджэгурт, сыгушхуэрт. Иджырей смартфонкIэмрэ гаджетхэмрэ ди сабиигъуэм зэрыхэмытам и фIыгъэкIэ, ди джэгукIэхэр дахэт, зыщIасэт. Си гум Iэфl куэд ильщ а зэманым теухуауэ. Сыт сыщыщIыкIум сыдзэныхьэхьу щытар жыпIэмэ, Iэпэкlэ зыгуэрхэр зэIущэнымэ, дэным, нэхъ иужьыIуэкIи сурэт щIыным. Сурэт щIыныр си гъащIэм къыхэнэпащ.

- Балигъ ухъунымэ и нэщэнэр сыту пIэрэ?

- Уи упщIэм философие хэлъу къыщIэкIынущ - абы зебгъэубгъуэмэ, гупсысэр куэду къызэрыкIынущ, кIыхьуи утепсэлъыхьыфынущ. Сэ нэхъ кIэщIу къэзгъэлъэгъуэнщи, балигъыпIэ уиувэным и нэщэнэщ уи къэкIуэнум уегупсыс зэрыхъур. Уи хъуэпсапIэхэми таурыхъ хьэл яIэжкъым абы щыгъуэм, атIэ зэбгъэхъулIэфынщ узыщIэхъуэпсыр. ГъащIэр къызэрымыкIуэу гъэщIэгъэну зэхэлыщ, и хабзэхэр нэсу къыбгурыIуэфынукъым илъэс пщыкIутхуми, илъэс блыщIрэ тхурэ ухъуа нэужьи. Абы къыхэкIыу, балигъыпIэ уиувэным сэ къызогъэкI укъэзыуэрыеихь дунейм уэ езыри узэрыщIыщым уегупсыс щыхъуар.

- Къэрал муниципальнэ Iэщlагъэу къыхэпха унэтIыныгъэм и гугъу къытхуэщIыт.

- Сыздзэрысабийрэ зэзгъэщIэну сфIэгъэщIагъэнт къэралыгъуэхэм я тхыдэхэмрэ я зэхэлъыкIэхэмрэ, дунейм и зыужьыкIэр. Захуагъэмрэ пэжымрэ сфIотелъхьащ. сызэрыщIыкIурэ. Гъуазджэм срищIыхуми, мы зи гугъу сщIа Iуэхугъуэхэри сфIэгъэщIагъэнщ. Абы къыхэкIыу, Iэщlагъэу къыхэсхьынум тыншу сыкъытеувыIащ. Школми университетми фIы дыдэу сыщеджащ. Сэркlэ щIэныгъэ зэгъэгъуэтыныр гугъуехьу щыткъым, атIэ удэзыхьэх - узыIэпызышэщ.

- Уи лэжьыгъэм теухуауэ гурыфIыгъуэ нэхъыбэу къызыхэпхыр сыт?

- Ди республикэм папщIэ сэбэныгъэ злэжьыну Iэмал къызэрызытырщ. Аращ езыр къэрал управленэ жыхуэтIэм и мыхьэнэри.

- Къэрал Iэнатlэр уи Iэщlагъэу, сурэт щIыныр уи дуней тетыкIэу жыпIэ хъуну?

- Пэж дыдэщ. Ауэ, гъуазджэм теухуауэ я кIыхьэбгъэщам тIэкIу сыкъытеувыIэнт... Гъуазджэр - зы псалъэ зэкIуэ щхьэжкIэ, мы дунейм къыбгурыIуэныкIэ нэхъ Iэмал пэж дыдэу щыIэрщ. Мы псалъэм и купщIэр куущ къызэрымыкIуэу, сыту жыпIэмэ ар хэлъфагъэфынущ сытми. Сэ хуабжьу сфIэфIщ абы сыхэтыну, сыщыщIыну.

- Сыт сурэту щIыну нэхъ удэзыхьэхыр?

- Сэ нэхъыбэу сощI цIыху сурэтхэр. Пэжщ, иужьрей зэманым сурэт лIэужьыгъуэ сыдзэныхьэхэр зыкъомкIэ нэхъыбэ хъуащ, щIэ куэд къэсщIащ. Куэд сфIэтелъыджщ, солажь, содж.

- Уи Iэдакъэщlэкlэхэм соплъри, ахэр уэсхьэлIэмэ, бзыльхугъэ хьэлу, уи гум хъуэпсапIэхэр щыкуэду, абыи къыдэкIуэу, Iуэхугъуэ куэдым пэлъэщыфын лIыгъэ къыпкъуэкIыфыну согупсыс...

- Тхьэм уигъэпсэу! Сызытепсэлъыхьыжын сфIэфIкъым. Ауэ, си хьэл-щэным къыхэзгъэщхьэкуKIын хуейламэ: си гум фIы илъщ, сыерыщIщ.

- Хэт уэркIэ щапхъэр?

- Си адэ-анэр. Сэ куэд къысхалъхьащ абыхэм, гупсысэу сиIэхэм, си дуней тетыкIэм, си хьэл-щэным ахэрщ я щIэдзапIэр.

- Уи сабий хъуэпсапIэхэмрэ иджы уи гур жан зыщIхэмрэ зэтехуэрэ?

- ХъуэпсапIэр къэкIуэным дызэрыщыгуфIыгъуэ гуэрщ. Дауи, сабий хъуэпсапIэхэр балигъым ейм ещхькъым, сабийм и гупсысэр къэмыхъуфын Iуэхугъуэ куэдым зэрыщыIэм къыхэкIыу. Балигъыр зыщIэхъуэпсхэм мурадкIэ уеджех хъуну си гугъэщ - ахэр зэбгъэхъулIэ мэхъу.

Къапщтэмэ, си хъуэпсапIэ нэхъыщхьэщ дунейр мамырыну!

- Сыт насыпыр?

- Насыпт хэплъэгъуэфынущ дунейр зэрыуэфIым, псэкIэ плэгъунэгъуэм я дыхьэшх макъым, псоуэ нэху укъызэрекIам. Иджыри куэд къыплIащэфынущ...

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэ.**



Лыгъэм и дерс

«Урысей гвардием и махуэхэр» акцэм хьихьэу, УФ-м и Лъэпкъ гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ Налшык къалэм и школ №33-м щрагъэкIуэкIащ лыгъэм и дерс. Ар ирагъэхьалIат Терроризмэм ебэнхэм я зэхъуэныгъэм и махуэм.

ЩIыналъэм и ветеран организацэм и тхьэмадэ, полицэм и полковникыу ставкэм щыIэ Хужьокъуэ Руслан школакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ терроризмэр зищIысым, Урысей гвардиеми и дзэ къупльыкъущIэхэу къалэныр зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм.

- Мы махуэхэм дигу къэдмыгъэкIыжынкIэ Iэмал иIэкъым 2004 гъэм фокIадэм и 1-м Беслъэн къалэм къыщыхъуа гуаузэшхуэр. Дэ ди къалэнщ тхузэфIэкI псори длэжьыну апхуэдэ гузэвэгуэм зэи къытримыгъэзэжын папщIэ, - жиIащ Хужьокъуэм.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Къызыхэкlар къагурыIуэркъым

● Хъыбарыщlэ

ЩIы губжьам и зы техьэгъуэ къигъэлъэгъуащ мы махуэхэм - фокIадэм и 9-м Мароккэм щыIащ балли 7,2-рэ зыIыгъа щIыхьэ шынагъуэ. Абы хэкIуэдауэ нобэкIэ къагъуэтыжащ цIыху 2400-м я хьэдэр, къызэтещэща унэ лъабжьэхэм сыт хуэдиз щIэлъми къэхутэгъуэйщ.

АПХУЭДЭ дыдэ ди нэгу щIэкIат 2023 гъэр къыщихьагъащIэ - Тыркуми Сириеми я щIыхьэй шынагъуэ къыщыхуу, цIыху мин 50-м щIигъу щIэхэкIуэдат. ЗэрыжаIэмкIэ, мыбыи хэкIуэдам къищынэмыща, иджыри апхуэдиз дыдэ уIэгъэ хьуащ, цIыху миным щIигъу сымаджэщхэм щIэлъщ, къэралым щыгъуэ махуищыр гузэвэгъуэ защIэкIэ ирехьэкI. Сыту жыпIэмэ, гъэгуэхэр апхуэдизкIэ зэтекъутащи, язынныхъуэ щIыпIэхэм уекIуэпIанкIэ зы Iэмали иIэкъым, ауэ щIыхьэкIэ, унэ лъабжьэхэм щIипIытIарэ псэууэ къызэтенахэм дэIэпыкъуэгъуэ ямыгъуэту щIэлъщ.

- Апхуэдэу щIыхьэй шынагъуэ зэи слъэгъуакъым. Си адэм сеупщат, уеблэмэ. Абы ми ди нэгу щIэкIам хуэдэу зэи имыльэгъуауэ, жаIэжуи зэхимыхауэ жаIэ. Бгыльэхэр нэхъ зэтрикъутауэ, абыкIэ щыпсэухэм я нэхъыбэр хэкIуэдауэ къысфIощI. Сыту жыпIэмэ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэр зэпымычу абыкIэ макIуэ-къуэкIуэж. Мароккэм и ищхьэрэ щыналъэм къищынэмыща, зэрыкъэрагъуэгу зэхащIащ щыхьэйр, - жаIэ Марракеш щыщ Саге Мохамед.

Журналистхэм къызэратымкIэ, язынныхъуэ бгыльэ жылагъэхэмкIэ дэкI гъуэгу закъуэр зэхэкъутащи, абы щыпсэухэм я Iуэху зыIутыр зыми ищIэркъым, интернетымрэ телефонымрэ щыпхыкIыкъым.

Геологхэм зэрыжаIэмкIэ, Мароккэм апхуэдэ щыхьэй щыщыхьэн хуеякъым. Ар Африкэ ищхьэрэ-къуэхэпIэ щыщ щхьэфэм тетщи, литосферэм и плитахэм я зэпылъыпIэм пэжыжьэщ. Арами, Атлас къуршым (Мароккэмрэ Алжиримрэ я зэпылъыпIэм деж) зридзэри, зэхикъутащ щыхьэйм. Балли 7,2-рэ иIыгъыу зридзэ нэужь дакъикъэ 19 дэкIри, етIуанэу иудынащ балли 4,9-рэ щIэлъу.

Африкэ ищхьэрэм щыIхьэй кIудрэ къыщыхьэркъым. Мыпхуэдэ дыди иужьрей илъэси 120-м ялъэгъуатэкъым.

- Геофизикэм хуабжьу ягъэзащIэгъуащ Мароккэм зэкIэлъхьэужьу щIыхьэитI зэрыщIар. Тыркум ебгъапщэмэ, а ди нэгу щIэкIа дунейкъутэжыр къэхъун ипэ, Азие ЩIыкIым зы тхьэмахуэ хуэдизкIэ тIэкIу-тIэкIуурэ хьеящ щыр. Мыбдеж, зэуэ къыкъуэуащ. Ари тIэу зэкIэлъхьэужьу. США-м къызэрыбжамкIэ, километр 18 и куурэ зэпицентрым. Абы къикIыр абдеж щызэхуихьэса гуащIэр зэхуэдэу щыщIагъэм щIимыгъэкIуэдажу, къыдрихуери, щIы щхьэфэр зридзэу аращ. Зридзэ мыхьуу, щIыр зэгуитхащ, иублэрэкIащ. Абы щIипIытIа щIыхуэхэри псэууэ къыщIэпхьыжну куэдкIэ нэхъ гугъущ, унэ къутахуэхэр зэтепхыжьи нэхърэ, - жаIэ ЩIым и физикэмкIэ РАН-м и Институтым и лэжьакIуэ, геофизик Жигалин Александр.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Футбол

Узыщымыгугъам нэхъ ущогуфIыкI

«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)-«Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:2 (0:1). Псыхуабэ. «Центральный» стадион. ФокIадэм и 9-м. ЩIыху 630-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Чичилян (Мэзкъуэ), Голубев (Санкт-Петербург), Сливчук (Мэзкъуэ).

«Мэшыкъуэ-КМВ»: Саганович, Саидов, Мачилов (к), Темишев, ЛIыхъугу, Темуков (Магомедов 46), Гусенгаджиев (Пекъу, 66), Мэшыкъуэ (Лаврененко,83), Суанов (Iэшэ, 59), Бутенко.

«Спартак-Налшык»: Къымыкъу, Молэмусэ, Березов, Гъуэгузокъуэ, Далиев, Хьэшыр (ХьэцIыкIу, 87), Топурие, Торосян (ЛIуп, 66), Масленников, Селяев (Мэкъуауэ, 57), Котов (Блий, 66).

Топхэр дагъэкIащ: Селяевым, 20 (0:1), Хьэшырым, 85 - пенальтикIэ (0:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Селяевым, Торосян, Котовым, Хьэшырым, Далиевым, Темишевым, Мэкъуауэм.

НАЛШЫК и «Спартак»-р иджыблагъэ щыхьэщIащ турнир таблицэм бжьыпэр щыэныIыгъ, иужьрей зэIуцIыблым щытекIуа Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м деж. Апхуэдэ щытыкIэм гугъэшхуэ дигъэщIыртэкъым ди щIалэхэм очко закъуи къахэхъэхьыкIэ. Апхуэдэ шэчри лъабжьэншэтэкъым - мыбы ипэкIэ екIуэкIа зэIуцIицми налшыкдэсхэр къыщыкъахъэщIат.

Зи чэзу зэхьэзэхуэми текIуэныгъэр тыншу щызыIэрагъэхъэн мурад яIэу хэгъэрейхэм джэгур жыджэру ирагъэжьащ икIи зэIуцIэм и ипэ дакъикъэм Iэмалыфlхэр къахукъуэкIащ ди гъуэр къащтэну.

«Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гъуащхьэхъуэмэныкъуэ, адыгэ щIалэ ЛIыхъугу Маратрэ лъэщу зэуа топым лъакъуэкIэ къыригъэгъэзащ «Спартак»-м и гъуащхьэтет КъымыкIуу Аслъэнбэч. Ауэ ди щIалэм и гъуащхьэм трихужа топым кIэщIу къыкIэлъеуэжащ псыхуабэдэсхэм я топджэгу Темуков Амырхан. Ар зэуа топыр, насыпт диIэти, гъуэ нэщIым дэкIыным мэскьал фIэкIа имыIэжу къыдихыжащ Далиев Дауд.

Къэбгъэлъагъуэмэ, зэIущIэм и пэщIэдзэм хэгъэрейхэм топыр нэхъыбэрэ яIыгъащ, ди гуащхьэм Iутащ. Арщхьэкlэ, дауэ мыхъуами, Налшык и командэм хуэзфIэкIащ зэIущIэм и бжьыгэр япэу къызэIуихын. Ар зригъэхьулIащ Селяев Амырхъан. Абы IэкIуэльакIуэу къигъэзионым и ЕтIуанэ гупым щекIуэкIа адрей зэIущIэхэми щытепщар хэгъэрейхэращ: **«Легион»-р** (Мэхъэчкьалэ) и унэ щытекIуащ **«Алание-2»-м** (Владикавказ), зэIущIэм и бжьыгэр **5:2-уэ**. Апхуэдэуи и топджэгу губгъуэм щылъэщащ Мэхъэчкьалэ и **«Динамо-2»**-р. Ар 1:0-у текIуащ Астрахань и **«Астрахань»-м**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшык» фокIадэм и 17-м иригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэм къыргъэблагъэнущ Мэхъэчкьалэ и «Динамо-2»-р.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтIуанэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Мэшыкъуэ-КМВ»	8	7	0	1	16-5	21
2. «Легион»	8	4	3	1	14-7	15
3. «Спартак-Налшык»	8	4	1	3	10-7	13
4. «Астрахань»	8	3	2	3	13-9	11
5. «Динамо-2»	8	2	3	3	8-9	9
6.«Алания-2»	7	1	1	5	9-23	4
7.«Победа»	7	1	0	6	4-14	3

ЩIыхуэшхуэ къытратхат

Шэрэдж районым и прокуратурэм зэхигъэкIащ ЩIыпIэм щыпсэум къта тхьэусыхафэр - абы къимыгъэсбэпа щIыуэпс газым пэкIуэ щIыхуэ кIэщIатхат.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, гъэсанныпхъэкIэ къызэзыгъэпэщ Iуэхущlапlэм, унагъуэм игъэкIуэща газыр къэзыпщ я Iэмэпсымэр тэмэму лажьэ пэтми, абы къигъэльэгъуар ныбжьыпIэу, апхуэдэ зытемыIэ бжьамийхэр къэзыгъэсэбэпхэм мазэм пэкIуэу ятын хуейуэ ягъэуваауэ щIыпэ мардэхэм трищIыхьри, къэтхъэусыхам сом мин 80-м нэблагъэ щIыхуэу къытригъэхат.

Iуэхур зэхагъэкIри, прокуратурэм Iуэхущlапlэм и унафэщIым иригъэльагъужащ къыришагъэ зэрилажьар.

Арати, къытрагъэхуа щIыхуэ нэпцIыр траухящ, къэтхъэусыхам и хуитныгъэхэр зэфIагъэувэжащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; я́жажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; эдэхэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суэтехэхэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.623
Заказыр №1975

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щIыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖьАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ**. *(2, 4-нэ нап.).*

Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ,Ныр Саидэ.**
Суэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.